


KAMWE CHETEZVE BEDZI, ISHE

 [Ungano inoimba, *Tenda Chete*—Mupepeti] Ngatikotamisei misoro yedu zvino. Misoro yedu yakakotamiswa uye nemoyo yedu yakakotamiswa pamberi paMwari, kuvharwa kwekonivhenisheni huru ino, jubheri ratava naro pano, uye munharaunda dzeShoko raShe, Handizive, manheru ano, kana moyo yedu isiri kungopotikira chimwe chinhu chinobva kuna Mwari. Kana zviri izvo, ngatingosimudzai maoko edu kwaVari, uye toti, ingoti, “Ichi ndicho chikumbiro changu, Ishe. Munoziva.”

² Baba vedu veKudenga, tarisai pasi zvino pamaoko edu. Maoko aya akasimudzwa mudenga, zvinoreva kuti tinopira zvedu zvose kwaMuri. Munoziva zvatinoshaiwa, Baba, uye tinonamata kuti Mugotipa zvatinoshaiwa izvi. Dzimwe nguva zvatinoda zvinopfuura zvatinoshaiwa. Asi, Baba, Munotipa zvatinoshaiwa, nokuti tinogona kuzvikumbira izvozvo nokutenda. Makavimbisa kuti Munozozviita. MuZita raJesu Kristu, ndinozvikumbira. Ameni. Ameni.

Zvino garai henyu pasi.

³ Kuna Hama Moore, neHanzvadzi Moore, Hama Brown nevavo, Hama Lyle, Hama Boutliere, nevanhu vose ava vakanaka vari pano vepachechi, matirastii, madhikoni, chero zvavangave, ndinotenda zvikuru nemukana uyu uye nenguva yakanaka yandave nayo ndiri pano. Ava vavambi vakuru vakauya muno makore apfuura, vakaisa zvidimbu zvemapepa muzasi meshangu dzavo, uye vakapa kushingaira kusina undini kwekuzvipira kuunza nzvimbo ino yekunamatira pano, uye nevanhu ava. Ndinofunga kuti Shreveport ine chikwereti chikuru kuvarume vakaita saJack Moore nevanhu ava vakadai pano. Kushingaira kusina kuneta uye kusina undini, vakaedza kumisa nzvimbo iyo Chiedza chaMwari neHupenyu hwaMwari, zvinogona kuenda kuvanhu vari varume nevakadzi vari kufamba parwendo, vachauya muno kuzoropafadzwa neshumiro. Dai yagara nguva refu, kusvika pakuuya kwaShe Jesu, kusvikira Apedza nayo.

⁴ Uye ndanakidzwa zvikuru neungano, kudaviririra kwenyu kwakanaka ku—kushumiro, kuMharidzo. Uye nezvinhu zvikuru zvatakaitirwa naMwari, hazvitongorina muganhu. Uye hatife takaziva zvazvinoreva kudzamara tayambukira mhiri kune rimwe divi, nokuti mbeu yasimwa ichauya kuupenyu pamazuva ari mberi kwedu. Uye vazhinji vakapodzwa, pamwe panguva ino hapana chavanoziva nezvazvo, mushure mechinguva unozoona kuti zvakaenda. Uye tinozviona kuti kazhinji, hazvisi izvo zvaunooona zvichiitika; haufe wakaziva kuti chii chiri kuzoitika,

zvichazoitika, nokuda kwaizvozvo. Uye ndinovimba kuti ha—hapazovi nevanhu vane hutera vachabva pamusangano uno, asi kuti vane kutenda kwakakwana kuti vazive kuti basa rakatoitwa, uye vachapora.

⁵ Kune avo vakasimudza maoko avo kuna Kristu, kuitira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nezvimwe zvinhu zvakawanda, uye nema—mabasa enyasha amakashuvira kuti Mwari vashande paari nemi, ndinongovimba kuti mumwe nomumwe wenyu achazadzwa neMweya Mutsvene, imi mose. Musakanganwe Mharidzo yangu, pane, *Chiratidzo*. Munofanira kugara nacho. Rangarirai, isa Chiratidzo pachena.

⁶ Zvino tinofanira kuchienda nokuchimbidza kuArizona, nekuYuma, nekuPhoenix. Zvino tichadzoka nekuMaodzanyemba kuno. Handisi kungonyatsoziva mafambiro acho, zvekungoti akamira sei. Asi tichange tiri kuno, ndinofunga, ndeuko kuzasi kweLouisiana zvakare, zvingada kuita muna Kukadzi, kune imwe nzvimbo muno muLouisiana, neDallas. Uye tozopfuurira tichipinda, uko kuGeorgia, zasi uko neche imomo, uye zvararo tozonanga kuFlorida. Uye tinofanirwa kuzoenda kuEurope tabva ikoko, kusvika muna Chikumi. Zvino tozodzoka kuno, nemuna Chikunguru kusvika pakati paNyamavhuvhu. Zvino tozodzokera, zasi pasi penyika, kuSouth America...kwete South America, South Africa. Uye pazuva rechipiri raGunyana, 1964 uyu ari kuuya, Ishe vachitendera, tintangira mu—muDurban, South Africa, kwatakaona zviuru makumi matatu zvevanhu vachiuuya kunaShe, panguva imwe chete. Hama Julius Stadskev vagere pano, vakanga vari pamusangano panguva iyoyo. Ndinofunga kuti ndizvozvo.

⁷ Uye ndinodaira kuti Hama Julius vanga vatoziviswa, murume akanyora bhuku rokuti *Muporofita Anoshanyira South Africa*. Ndine...Hanzvadzi Stadskev, pasina kupokana, vari pano pane imwe nzvimbo. Ini—ini handisi kuona pavari izvozvi...ehe, hongu, iko zvino ndavaona, uye ne—nevana. Ndinorangarira, makore mashoma apfuura, Minneapolis, vaiva vanhu vadiki kwazvo; zvino ndinofanira kutarisa mudenga kwavari, vave mukomana nemusikana vahombe kwazvo.

⁸ Hanzvadzi Stadskev pano, nguva shoma yapfuura, vakaita kuti moyo wangu uite chiziriri, amai vadiki ava, vakafirwa nemwana wavo. Uye Ishe vakanga vari...vakaona zvakakodzera kumutora. Uye hanzvadzi yakange yandifonera, uye vaida...Vaizondiendesa nendege kuGermany. Zvino chiremba akava nemoyo wakanaka kwazvo wekumirira, ndokurega mwana akarara ipapo. Mwana mudiki akangofa kamwe-kamwe, kamusikana kanotapira, kachivhindikiti. Uye Hanzvadzi Stadskev vakanga vafirwa naamai vavo, uye vakanga vachishungurudzika chaizvo. Zvirokwazvo zvemwana uyu zvakabva zvavakunda. Zvino vakaridza runhare,

chinhambwe chirefu kubva kuGermany, vaida kubhururuka vachiuya. Ini ndikati, “Hanzvadzi Stadskev . . .”

⁹ Vakapupura kutenda kwavo, kuti vaitenda kuti Ishe Jesu vakanga vandituma pabasa mumazuva ekupezisira, uye hwaingova huchapupu hwakatendeka husina mumwe aigona kuhupa, uye vaizvirevesa nemoyo wavo wese. Vakanga vaona Ishe Mwari vachiita zvinhu zvakadaro, vachimutsa vakafa mushure mokunge vafa. Asi, munoono, unofanira chaizvo, sezvandingadai . . . Sei, kungadai kwakava kubwinya kwakadini kuna Mwari, muGermany nezvose! Dai ndaikwanisa kuzviita, ini pachangu, ndingadai ndakazviita. Asi, chinhu chekutanga, hatifanire kuenda kusvika taziva zvatiri kuendera.

¹⁰ Saka ndakabuda ndokunonamata. Uye ndinofunga vakagara parunhare chikamu chenguva yacho, husiku hwese. Zvino zuva rakatevera ndakapinda, pakanga pasina chaivapo. Zvakare Meda akati, mudzimai wangu, akati, “Hanzvadzi Stadskev vafona kaviri kese. Pane shoko rabva kunaShe here nazvino?”

Ndikati, “Hakuna kana chinhu.” Zvino ndikati . . .

¹¹ Zvakanaka, ndakabuda, ndokunonamata zvakare. Ndakanga ndiri musango usiku ihwohwo. Zvino, ndizvozvo, mwana muduku uyu akatozoonekwa nezvake. Zvino pandakati ndichingopinda, Ishe Jesu, chiratidzo chakauya, vakamira pamberi pangu. Uye ndikanzwa inzwi raVo richiti, “Usatsiura izvozvo. Urwu ruoko rwaShe.” Zvino ndakabva ndaziva kuti Mwari, nokuda kwechimwe chikonzero, vakanga vatora mwana wavo muKubwinya, uye zvirokwazvo zvakanga zvichipesana nokuda kwaShe kuti nditaure chimwe chinhu chaipesana naizvozvo.

¹² Zvino ndakabva ndafunga, “Zvino, uku kwaizova kuvaregerera kwakanyanya. Asi chinhu chimwe chete chandakaita, ndakarangarira Ishe. Ndakaita zvaVakandiudza.”

¹³ Kuno nguva shoma yapfuura, ndakatambira tsamba kubva kumushumiri ari ikoko, uye akanga ataura mashoko nevamweze vashumiri. Akati, “Chimwe hacho . . .” Uye akanga ari, ndofunga, anofanira kunge aiva ari muLutheran wekuGermany. Handina chokwadi. Asi akati, “Pane chinhu chimwe chete chandinogona kuyemura pana Hama Branham. Apo kumhanya-mhanya kwese kuchiitika, vakaramba vakadzikama kusvikira vawana shoko rakajeka kubva kuna Mwari, zvino vakabva vaziva zvavaiita.”

¹⁴ Uye ndiyo nzira yoga yaunokwanisa kuita nayo zvinhu izvozvo, kutanga wanzwa kubva kunaShe, paVanotaura. Kana Vakandiudza kuti, manheru ano, kuti ndikwire kumusoro uko ndinomutsa kubva kumakuva, Mutungamiriri wenyika Kennedy, ndaikoka pasi rose kuti riuye, rione zvichiitwa, nokuti ndinenge ndine ZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Zvino,

asi ndingataura sei kuti, “ZVANZI NAJEHOVHA,” kusvikira Jehovha vataura saizvozvo? Maona? Maona?

¹⁵ Nguva zhinji, vanhu vanonzwa manyukunyuku uye voenda pasi pemamwe maonero nezvimwe zvakadaro, uye nekufunga kwakanakisa kungaitwa nepfungwa dzavo. Izvozvo hazvizi nguva dzose chokwadi. Mirira kusvikira Vakuudza, uye wave kuzviziva, zvadaro wava neizvozvo zvacho. Hauchafanira kuita zvekufembera nezvazvo. Vatokuudza kare, iZVANZI NAJEHOVHA. Zvino kana Vakuudza, ipapo unogona kuenda wonotaura zvaVataura. Kusvika panguva iyoyo, iwe unogona kuenda wonoita zvese zvaunogona, kuita zvaunogona iwe pachako, asi haugone kuva nechokwadi kusvikira Mwari vataura kudaro. Ipapo wava nechokwadi.

¹⁶ Patepi ye *Inguva Ipi, Madzichangamire?* Vazhinji venyu mune tepi yacho, munoona. Ndaigona kutaura kumaPoka nekumwe zvako, uye ndoti, “IZVANZI NAJEHOVHA. Ndichasangana neNgirozi nomwe. Uye zvichazivikanwa, kunyika dzese, munoona. Uye chimwe chinhu chiri kuda kuzoitika, nekuti Vakandiudza.” Hezvo zvakaitika, munoona, mwedzi mitatu yakatevera. Maona? Uye zvimwe zvinhu zvose izvi, kana iwe. . . Kana Ishe vazviture, zvinofanira kuitika.

¹⁷ Ndicho chikonzero ndichiziva kuti Shoko raVo rakakwana. Hazvina mhosva kuti vanhu vanofungei pamusoro paRo, IShoko raMwari. [Hama Branham vanorova-rova Bhaibheri ravo—Mupepeti] *Ndizvozvo* chaizvo, iZVANZI NAJEHOVHA. Munoona, ndizvo, uye tinoziva kuti ichokwadi.

¹⁸ Jesu ari kuuya. Riinhi? Hamheno. Muchimiro chakadini, chaAchauya nacho? Ndine imwe pfungwa, asi ini—ini handizive. Zvakanyorwa muno *Umu*, Akati, “Ini, kana ndikatorwa kuenda kumusoro,” Aizokwevera vanhu vose kwaAri, uye Aizodzoka zvakare. Ndinoziva kuti Ari kuuya. Oo, ndizvo chaizvo. Uye hazvina nebase kwandiri kuti ndiriinhi. Maona? Kana ari manheru ano, kana ringave gore rinouya, kana chingave chiuru chemakore kubva zvino, chero bedzi Ari kuuya! Ndine Hupenyu Husingaperi. Handisi kuzowedzera pazera, ndichazongovepo paAnouya. Ndizvo zvoga. Ndizvo, munoona, hazvina nebase kwandiri kuti ndirinhi, sei, kuti Anozviita nenzira ipi, chero bedzi ndingoripo!

¹⁹ Uye Akandivimbisa kuti ndichange ndiripo, uye Akatondipa kare Hupenyu Husingaperi, nokuti Akati, “Uyo anogona kugamuchira Mashoko aNgu nokutenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi; uye haachazouyi mukutongwa, asi abva murufu kuenda kuHupenyu.” Zvakandikwanira zakadaro. Ipapo, ndiyo mhedziso yangu. Ndiyo mhedziso yangu. Akazvivimbisa. Hapana nzira yekuti zvimbokundikana. Hazvitongogoni kukundikana, sokutadza kunoita Mwari kukundikana. Uye hazvigone kuti Mwari vakundikane.

Ndicho chinhu chimwe chete chisingagone kuitwa naMwari, kukundikana. Havagoni kukundikana. Hamufare nazvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Oo, ini zvangu!

²⁰ Pandinotanga kuona makore achipetana, uye—uye ndotanga kuona shumiro mbiri kana nhatu pazuva, dzave kutanga kuita kuti ndingoneta zvisihoma, asi kumashure zvaisambondinetsa. Asi ipapo ndinofunga, “Zvakanaka, zvinoita mutsauko wei?”

²¹ Ndoda kukubvunzai chimwe chinhu, tingori vanhu vemumusha, saka ndinoda kuti ndidaro, ko toti une makore makumi masere okuberekwa manheru ano, kana kuti une makore gumi namashanu okuberekwa manheru ano? Kana uine makore makumi masere, uye worarama kusvika panguva ino mangwana manheru, unotenge wararama kupfuura vazhinji, vana vakawanda vechidiki vane makore gumi nematanhatu okuberekwa. Makambofunga nezvazvo here? Chokwadi uchadaro. Uri pano nokuda kwechinangwa, chekushumira Mwari. Saka mutsauko ndewei, zera iroro kwauri? Ingoshumira Mwari.

²² Kana Mwari vakauya kwandiri voti, “Ndinoda kuti uende panyika,” uye—uye ndaingwe ndiri kumusoro uko uye Voti, “enda panyika, ndichakupa makore zana enzvimbo yeruzivo, asi ndinoda kuti utore mugove wema—makore ako. Ndeapi makore aunoda kutora, makumi maviri nemashanu ekutanga, makumi maviri nemashanu echipiri, makumi maviri nemashanu echitatu, kana makumi maviri nemashanu ekupedzisira?”

²³ Ndaizoti kudii? Saka, kana ndichizoisa nguva yangu pano kuti ndive, oo, mutambi wenhabvu kana anomhanya mujawu, kana zvakadaro, ndingasva hangu ndatora makumi maviri nemashanu okutanga. Kana ndichange ndiri pano kuti ndive muvezi wemapuranga, kana mumwe munhu akadaro, zvakanaka, ndingasva hangu ndatora makumi maviri nemashanu echipiri. Asi kana ndichida kutora kuti ndishandire Ishe, ndichatora makumi maviri nemashanu ekupedzisira, kubva pamakumi manomwe nemashanu kusvika pazana, nekuti, ndaingwe ndaunganidza ruuzivo rwakawanda, ndinoziva zvakanaka nezvazvo. Maona? Chero bedzi ndichigona kumira netsoka dzangu mbiri uye ndichifamba-famba, zvinoita mutsauko wei kuti ndine makore mangani okuberekwa? Ndiri pano kushumira Ishe, uye ndizvozvo. Ameni. Zvakatondikwanira zvakadaro. Akazvivimbisa.

²⁴ Zvino ndinoda kutenda mumwe nomumwe wenyu, nokuda kwemutsa wenyu. Uye ndichivimba kuti, Ishe vachitendera, kuti—kuti zvakare tichasangana pane imwe nzvimbo panyika pano; kana pachisiri pano, tichasangana mhiri kune rimwe divi. Uye Ishe varopafadze. Uye ndinoda kunamatira mahengechepfu aya. Patinongopinda muMharidzo, hatizivi chaizvo zvichazoitika. Takaedza kuisa husiku hushoma

muku...hutatu, hunenge husiku hutatu; wehusiku hushanu kana hutanhatu, hushanu, ndinotenda kudaro, Ishe vakatipa kudanwa pakati pavanhu, kwekudanira vanhu kunze, uko Ishe kwavaizovapodza. Zvino takava nehusiku humwe chete, husiku hwapfuura, takaunza munhu wese aida kunamatirwa, achipfuura nemumutsara wekunamatirwa ndokuvanamatira. Uye ndinotarisa kuti handina kumbokundikana kungave kupi zvako kuedza kuita zvese zvandinoziva kuita, kuti isu tive muchinhano chiri nani pamweya, zvakare nechinhano chepanyama, manheru ano, kudarika zvataiva patakapinda muno hunenge husiku huna kana hushanu hwapfuura. Kana ndikakundikana, Mwari vandiregerere, uye nemiwo mundiregerere.

²⁵ Zvino paMharidzo iyi yekuvhara, uye ndichaedza kuti ndiite nekukurumidza kunokwanisika, nokuti ndi—ndinoparidza nguva refu. Uye ndakaudza ungoro yangu, nevakadaro, kuti, zvichitanga mukuvamba kwegore, ndichaedza kudaro. Ndakazviedza kwemakore makumi matatu namashanu apfuura, kubvira pandakanga ndiri mushumiro, kuderedza kubva pamaawa maviri aya, nezvimwe zvakadaro, kusvika pamaminitsi makumi matatu. Asi, ndinononoka kwazvo, handikwanise kutaura zvandinoda kutaura, mumaminitsi makumi matatu, ndicho chinhu choga. Ndiri weKumawodzanyemba uko, munoziva, uye saka ndi—ndinotofanira kudaro. Handikwanise kuzvifunga nekukurumidzisa. Ndinotogofanira kumirira ndoona. Ndinofanira kumirira paAri, kuti ndiwane mashoko angu. Saka, asi ini—ini... chero bedzi ndichigona kumirira paAri, uye imi muchazongova nemoyo murefu neni.

²⁶ Zvino ngativerengei rimwe Gwaro, zvino tinoziva kuti iri harizopfuuri. Uye mushure mekunge tave nekuungana kwedu kudiki kwehushamwari nekukurukura, tisati tasvika pachikamu chino chinoyera cheshumiro, chokuunza Chingwa cheHupenyu, ngatingonamatai zvakare.

²⁷ Ishe Jesu, zvino tinoKutendai. Tese tiri kutendeukira kwaMuri, kuKutendai nokuda kwemazuva makuru neusiku hweshumiro, tichiyanana paShoko, uye pamwe nevanhu. Tinotenda, Ishe. Mweya yedu yakasimudzirwa, uye tinotenda zvikuru kuti takakwanisa kugara munzvimbo dzeMuchadenga pamwe neMi. Uye zvino, Baba, pahusiku huno hukuru huri hwekupedzisira hwe—hwemabiko erudo, dai Mamirawo pakati pedu, zvakare manheru ano, uye mugodanidzira, “Uyo ane nyota, ngaauye kwaNdiri.” Zviitei, Ishe. Tinoziva kuti Muchazviita, nokuti Munozviita. Ndiyo nzira Yenyu yekuita nayo zvinhu, uye haMuishandure. Uye ndinonamata, Mwari, kuti Mugomedura Chingwa cheHupenyu, kwatiri. Dai tikakwanisa kugamuchira Shoko iroro mumoyo yedu, richazozarura chitubu chemaropafadzo kwatiri tose. Ropafadzai

kuverengwa kweShoko, uye ndibatsireiwo pandiri kuedza kumedura Chingwa cheHupenyu, kuungano, kuitira chero zviri kudikanwa. MuZita raJesu Kristu. Amenii.

²⁸ Ngatiendei ku—kuBhuku reVatongi, Vatongi veIsraeri. Uye ndinoda kuvhura chitsauko 16 cheVatongi, kuti ndiverenge chikamu che—cheShoko. Vatongi, chitsauko 16, uye ndinoda kuverenga ndima 27 uye ne 28.

Zvino imba yakanga izere navarume navakadzi; namadzishe emuFiristia—vaFiristia vakanga varimo; zvino napamusoro pedenga pakanga pana varume navakadzi vanenge zviuru zvitatu, vakanga vakatarisa—vachitarira apo Samusoni achiita mutambo.

Ipapo Samusoni akadana kuna JEHOVHA, akati, Oo Ishe Mwari, ndirangarirei henyu, ndinokukumbirai, uye ndisimbisei henyu, ndinokukumbirai, nguva ino bedzi, Oo Ishe, nditsivirwe meso angu maviri kuvaFiristia.

²⁹ Mamiriro anosiririsa zvakadini! Uye chidzidzo chidiki ichi, ndiri kuzitora musoro wenyaya kubva pachiri, ndichichidaidza kuti: *Kamwe Chetezve Bedzi, Ishe.* Kamwe chetezve bedzi!

³⁰ Rinofanira kunge raiva zuva raipisa. Vakanga vambova nemhemberero huru. Uye zvinondishungurudza, pese pandinofunga nezvazvo, nekuda kwemhando yemhemberero yechinamoto ichi. Munoziva, mhemberero yakanaka, asi zvinoenderana nemhando yemhemberero yacho. Uye iyi ndeimwe mhemberero yandinovenga kutaure nezvayo. Yakanga iri munyika yavaFiristia. Uye vaipemberera, zvinongondirwadza kuzvitaure, “kukunda pamusoro pevaranda vaMwari.” Muranda waMwari akanga asingateereri akanga aunza kushorwa paZita raJehovha, ndokuwa mukukundwa, zvino vaFiristia ava vakanga vachipembera ngu—nguva huru yekukunda, uko wavo “mwari wehove akanga akunda muranda waJehovha.”

³¹ Kana chisiri chidzidzo chekupedzisa nacho musangano! Asi ndanzwa kutungamirirwa, pandanga ndichitarisa mumagwaro angangosvika mazana mashanu kana matanhatu andanga ndinawo imomo, meso angu adonhera pane gwaro iri pano, ndikafunga, “Ndinotenda ndichangotaura nezvaro kwechinguvana manheru ano.” Uye pamwe ndizvo izvo Mweya Mutsvene ungada kuti tizive chimwe chinhu pamusoro pazvo muno. Chi . . . nezve . . .

³² Zuva raipisa, ndinotenda, uye zvibairo zvaibvira mumoto yaive yakakomberedza mwari mukuru wehove uyu, uye kwakanga kune zviuru zvitatu zvavaFiristia vakanga vakatarisa vaviri pavakanga vachipinda munhandare huru. Inofanira kunge yaiva sehwohwa, magadziriro avakaiita. Zvakafanana, ndingati, chimwe chinhu muchimiro che—chehwohwa kana dindindi, rakasunamiswa *seizvi*, nemitsigo miviri mikuru, kana kuti—kana kuti mbiru, dzakamisikidza nhandare mudenga,

payainge yakagara sokunge zvakanyanya muchimiro *ichi*, zvichida, kuitira kuti vanhu vari munhandare huru iyi vagone kutarisira pasi kune zvinovaraidza izvo zvaitika zasi munhandare huru.

³³ Uye vakuru-vakuru vehondo vakakwenenzverwa zvikuru vakapinda mumusangano uyu, uye nemadzimai avo akashongedzwa nezvishongo zvinokosha zvakanaka akanga aripo pamusangano. Zvino vose vakamira kamwe-kamwe, vachisendamira mberi, chiitiko chikuru chakanga chava kuda kuitika. Isu tine dzimwe nguva, zvatinoti izvo, nhanga ruvanze, ivo... uye kwozouya kuziviswa, nhanganurvanze ye—yechiitiko chikuru. Uye vakanga vambova nezvinovaraidza zvakanaka, sezvavaisiita dzimwe nguva, kupirisa nokuuraya, nezvimwe zvakadaro. Asi zvino chi—chiitiko chikuru chakanga chava kuda kuitika, uye neboka rese iri revane mukurumbira vakanaka, vemune ose... vemumatunhu ari munyika yevaFiristia. Vakasimuka, nokuti vaiva ne—ne mukana wakanaka. Vakanga vakagara kumusoro, mune chakakura ichi, chatingati, chakaita sehwohwa. Uye pamwe varombo, nevamwe vakadaro, vaiva zasi kuno pa—pasi chaipo. Asi vaive vakagara kumusoro kwavaigona kuona zvakanaka, nekuona zvinonakidza zvose. Yaiva nzvi—yaiva nzvimbo bedzi yevane mukurumbira. Zviuru zvitatu zvavo! Mhepo yese yainhuwa nezvinwiwa, mafaro ekudhakwa zuva rose, vachinwa nekubuda masiriri, nekungoenderera, maitiro eruzha rwezvidwakwa anogona kunge akadaro. Zvino vose vakasimuka, nokuti chiitiko—chiitiko chikuru chakanga choda kuitika, zvino vakasendamira mberi. Vaida kunyatsoona zvakanaka. Havaisafanira kupotsa izvi, nekuti ndicho chaive chiitiko chikuru.

³⁴ Vakaonei? Kakomana kadiki kachitungamirira bofu kuenda pakati penhandare, mukupemberera mwari wehove, Dhagoni. Mujaya akatungamirira bofu iri raidzedzereka, raive murwi wenyama, bofu, kumbiru, ndokumumisa parutivi rwembiru, kuti aite mutambo.

³⁵ Saka ndiye Samusoni uyu, murume aive muranda waMwari a—anoshamisa, zvino akamira apo, anyadziwa, ave bofu, apedzwa simba, chinyadziso. Mufananidzo we—wechizvarwa chisina hunhu, chakanyura. Mufananidzo we—weru—werudzi rwakarasikirwa nekubatirira kwarwo panaMwari. Mufananidzo wecheki yarasikirwa nekubatirira kwayo paShoko raMwari, nekuti ndizvo zvaimiririrwa naSamusoni pano. Anyadziwa, akaparara, akanga ari muchinhano chinotyisa paakanga akagara ipapo, kana kuti akamira ipapo, waro. Saka mungambofunga here nezvake akamira, murume mukuru uyu wekuti, imwe nguva, zvaaimbokwanisa kuita; zvino heuno amire pano muchinhano ichocho, anyadziwa, sezvandataura, akaparara, mucherechedzo wandinoda kuzivisa manheru ano. Mucherechedzo uyu unomiririra nguva chaiyo yatiri kurarama

zvino, chinhanho chechechi zvino; yakaparara, yakabva muShoko raShe; yakanyadziwa, yakabva panzvimbo yayo. Uye mubvunzo uri kuuya, nhasi, chinyorwa chiri pamadziro zvino ndiani anogona kuchiverenga? Hapana chavanoziva nezvacho.

³⁶ Ngatitorei uye tiongorore pfungwa dzevaFiristia ivavo. Zita racho romurume uyu, Samusoni, pane imwe nguva, rakaita kuti rudzi rwose rwudedere, kungotaura kuti Samusoni, nekuti Mwari vaiva naye. Uye marudzi akadedera nokuda kwezita rake irori.

³⁷ Ndizvo zvimwe chete zvazvaimbova, Zita raJesu Kristu, asi zvino Rave kushandiswa seizwi rekutuka, nyambo. Panoita sekunge pasisina kuremekedzwa kwaRiri. Apo, Zita iri riri pamusoro pezita rose rakambodanwa nendimi dzinofa. IZita zvokuti Rakakwidziridzwa zvikuru pamusoro pemazita ose ari Kudenga, mazita ose ari panyika, uye mhuri yose iri Kudenga napasi Inodaidzwa naRo. Asi zvakadaro vanhu vanoRitora mumashoko ekutuka, nhengo dzechechi dzinoRishandisa mukuita nyambo, uye vatungamiri vazhinji vezvechitendero vanoRimhura nezvitendwa zvavo. Ndicho chikonzero tiri mukunyadziwa, pamberi pecommunism, chiRoma, nechiprotestanti, nezvinhu zviri kusimuka munyika nhasi. Uye ndicho chikonzero isu tichinyadziwa. Tinofanira kuziva mhinduro idzi. Mwari vanazvo muBhuku raVo, zvezuva ranhasi, asi takaenda kune chimwewo chinhu, tikaRikanganwa.

³⁸ Vazhinji vevaFiristia ava, pavaive vakamira ipapo, vevarwi vakuru ava, pasina kupokana... Mumwe akazivisa, kuti, “Chiitiko chinotevera ndiSamusoni.” Vazhinji vevarwi ivavo, vaive nevakadzi vavo vaive nezvishongo zvavo zvakanaka uye vakatsvinda, vakatarisa nepamusoro ndokurangarira vachiona Samsoni akamira neimwe nzira yakasiyana, pane imwe nguva Apo Mweya waJehovha wakanga uri pamusoro pake; akamira aine rushaya rwenyurusi, mumaoko ake, aine chiuru chevaFiristia vakaita rurakatira vakamukomberedza. Zvino vakanga vamhanyira kudombo pane imwe nzvimbo, kuti vahwande.

³⁹ Apo murume akati asimudza rushaya rwenyurusi rwakanga rwuri pasi murenje, chero munhu wese anoziva kuti kungorovera kamwe chete padombo kana chimwe chinhu, nebvupa iroro, raizopwanyika kuita zvidimbu-zvidimbu. Uye ngowani idzodzo, dzimwe dzacho dzaive inji imwe chete, kusvika painji nehafu, pakukora, dziri dzendarira. Uye murume uyu akanga asiri murwi, uye akanga asiri munhu akadzidziwa kurwa ne-nepfumo. Uye vaFiristia vakapfeka nguvo dzekuzvidzvirira nadzo, makwati erata akapfekerana, rimwe pamusoro perimwe sehwindo rinovhara rimwe riri pamusoro perimwe, nesimbi dzinodzvirira mapfumo nezvinhu kuti zvirege kuvarova; uye nengowani, nenhowo, nemapfumo. Zvino vakakomba murume

uyu, Samusoni, vakafunga kuti, “Boka remauto avo guru repamusoro-soro raizokwanisa kutora murume uyu.”

⁴⁰ Uye akanga asina chinhu muruoko rwake. Zvino akawana rushaya rwakaoma rwenyurusi, zvino akatanga kurova, kurudyi nekuruboshwe, kusvikira aparadza chiuru chevaFristia. Sei? Bhaibheri rakati, “Mweya waShe wakanga uri pamusoro pake.”

⁴¹ Hepanoi paaiva akamira, zvakasiyana zvino. Akanga afumura chakavanzika chake. Uye vaigona kumurangarira zvakajeka.

⁴² Panogona kunge paiva nerimwe boka kumusoro ikoko, raikwanisa kurangarira humwe usiku apo Dherira paakamuroya kuti apinde mu—muguta re—reGaza. Zvino vakanga vavhara masuwo avo makuru, zvichida airema tani rimwe kana kudarika, rimwe nerimwe rawo, masuwo makuru kwazvo endarira eguta, ayo akanga aine masimbi edare aipinda mumatombo obva asungirirwa, aiva nemahinji akadaro ekuti isu hatina akafanana nawo nhasi. Ivo ndokuti, “VaFristia vauya pauri, Samusoni.” Nevazhinji vemauto vakamira vakakomba suwo, vakashaiwa remuromo, paakagona kudambura misungo ndokufamba achidzika zasi. Uye vakamwararika sezvinoita boka remapete panguva yeusiku, panongobatidzwa chiedza. Mweya waShe uri pamusoro pake, akatambanudza ruoko rwake akadzura suwo rimwe chete, ndokudzura rimwe racho, akariisa papfudzi rake ndokukwira chikomo, akagara pasi. Vaigona kurangarira izvozvo. “Murwi akadii,” vazhinji vavo vaigona kuzvirangarira izvozvo, vachimuona ari mukukunda kukuru, “asi chimuonai zvino!”

⁴³ Ndiwo mufananidzo wechechi. Ndinogona kuverenga muBhaibheri, nezvechechi payakatanga kuzadzwa neMweya Mutsvene, zviratidzo nezvishamiso zvikuru zvakaperekedza misangano yavo. Tinogona kurangarira makore mashoma apfuura, makore makumi mana kana makumi mashanu apfuura, apo chechi yakanga yakazadzwa neSimba rimwe chetero. Asi itarisei nhasi, yakamira yakakururwa. Pane chimwe chinhu chakaikurura, chinhu chimwe chete chakakurura Samusoni, zvose zvakakonzerwa nokuteerera mukadzi akamupinza mukati. Uye chakakumura chechi, kuteerera mamiriro ehurongwa hwemudzimai, Jezebheri uya wekare. Chinhu chaicho icho Samusoni akanga amutsirwa kuti akunde, chakanga chamukunda. Uye chechi yePentekosti, manheru ano, yakamira mugwara rimwe chetero. Chinhu chaicho chayakamutsirwa kuti ikunde, zveasangano, yangozviunganidza pachayo ichidzokera mariri zvakare, zvino simba rayo rapera. Ndizvozvo. Simba raShe rakaisiya.

⁴⁴ Taifanira kuzviziva kuti panguva dzose, kuburikidza nenhoroondo, apo chechi payakaita sangano, Mwari vakaisiya pakare ipapo. Yakadonha uye haina kuzomuka zvakare. Uye

Pentekosti yaive chimwe chinhu chakabuda musangano, asi, zvazvaiva, takatora hutungamiri hwakagadzirwa nevanhu panzvimbo yeMweya Mutsvene.

⁴⁵ Uye ndizvo chaizvo zvakaitwa naSamusoni. Zvifungei, chii chingadai chakapfuura nemupfungwa dzemurume uyu paakanga akamira ipapo. Anofanira kunge akafunga nezvekukunda kukuru kwaakanga ambopiwa naMwari, zvinhu zvikuru Mwari zvavakanga vaita naye pamwe nekumuitira; uye kuti, paakanga aina Mwari, simba reMweya waVo, nemufaro nerugare zvaave nazvo paakanga ari pamwe naMwari, uye ari waMwari nevanhu vaVo. Samusoni akanga aVakundika zvakadini! Zvino, rudzi rwacho rwakamutsirwa Samusoni kuti agoparadza, rwakanga rwamusunga.

⁴⁶ Uye chinhu chacho Mwari chaVakamutsira Pentekosti kuti iite, chakavasunga, ndokukumurwa kuyanana, ndokukumurwa simba; kuva nhengo dzinokakavara, dzine nharo, dzinongodziya. Zvinhu zvakanaka-naka, zvikuru, zvese, asi zvingava nani kana dai—kana dai vaiva havo nengoma yekare yeHondo Yeruponeso, kana gitare diki rakare, zasi pakona pane imwe nzvimbo zvakare. Ndingasva ndava nazvo zvakadaro, pane kuva nemazichechi edu makuru atiri kuva nawo, achidhura mamiriyoni emadhora.

⁴⁷ Asi hapo paakanga akamira. Akanga akundikana. Zvino akanga ava musungwa werudzi urwo rwaakanga amutsirwa naMwari kuti aparadze.

⁴⁸ Vaimuita kuti aite masaramusi, achivavaraidza. Uye ndizvo chete zvazvingori nhasi, imwe mhando yekasaramusi kadiki kuedza kuvavaraidza.

⁴⁹ Ndokurega mudzimai achimukwezva kubva paShoko raMwari rakavimbiswa! Ndizvo zvimwe chete zvakaitwa nechechi, yakatendera mudzimai, Jezebheri, “amai vemhombwe,” anomiririrwa muna Zvakazarurwa 17, kuti avakwezve vachidzokera mumarutsi avakabuda maari. Sezvinotaurwa neBhaibheri, “Senguruve inoenda, ichidzokera kunumburuka mumatope, nembwa kumarutsi ayo.”

⁵⁰ Uye chero bedzi nguruve iyoyo ikaramba iri nguruve, inongo, hunhu hwayo inguruve, inodzokera kunumburuka mumatope. Uye, iwe, nzira chete yaunoichengeta iri kunze kwegomba rematope kushandura hunhu hwayo.

⁵¹ Ndiyo chete nzira yauchazowana nayo mutsauko muchechi nhasi, inofanira kuva neshanduko yehunhu. Uye pane kuva nehumwe hurongwa hwechifundisi hwekutungamira nahwo vaparidzi, zvichatora Mweya Mutsvene, kuburikidza neShoko, kuvatungamirira kudzokera kumweya wekutya Mwari zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Kana imbwa ikarutsa uye zvakamboirwarisa mudumbu mayo, kekutanga, hazvizoite kuti irware here zvakare? Uye kana Mwari vakatidana kubva mumatakanana

akadaro, nokuti...zvino, hazvizoiti here zvimwe chetezvo zvakare? Zvino todzokera machiri chaimo, chinhu chimwe chete. Hazvifanire kumboitwa.

⁵² Hurongwa hwaJezebheri uhwu, huri bofu pamweya, ndiri kudaro, kuShoko raMwari, vachizvibanidza muMubatanidzwa chaiwo weMachechi. Zvose, dzidziso yedu huru yeevhangeri, tinofanira kurasikirwa nayo, kungoti tive sangano. Nokuti, masangano ose asiri muMubatanidzwa uyu weMachechi, ndine bepanhau pazviri, kuti kunyangwe chechi yenyu isiri muMubatanidzwa uyu weMachechi, munguva yedambudziko, vanogona kushandisa chechi yenyu kuchengetera zvombo kana chero hacho chavanoda. Uye kana chero munhu akabatwa achinamatira mumwe munhu, zviri kunze kwekubatana neMubatanidzwa weMachechi uyu, anogona kupfurwa, semhosva kuhurumende. Ndizvozvo. Ndine mapepa pazviri, kubva kuWashington. Imi, vachakumanikidzai kupinda mauri. Ndiko kusaka ndagara ndichipesana nehurongwa hwemasangano uhwu. Ndizvozvo. Ndanga ndakanyarara pamusoro pazvo kunge iwo uri munembo wechikara, asi nguva yaperana zvino kusvika pekuti munotoziva kuti ichokwadi. Uh-huh. Maona? Ndizvo. Ndizvozvo chaizvo.

⁵³ Zvino wakaita sei? Wakaunza chechi, ikabviswa simba rayo, hapasisina chiripo kunze kwezita, zvinonyatsozvifananidzira muna Zvakazarurwa 3, Zera reChechi yeRaodhikia, Kristu akarambwa, uye ari kunze. Ndizvozvo. Sei? Yakaita chaizvo sezvakaita amai vayo, yakadzokera pakuva sangano. Pentekosti, yakaberekerwa kunze kwemasangano, yakaberekerwa kunze kwaizvozvo; zvino pavakangwana boka revana vakauya vachibva kune chimwe chikoro, uye vaifanirwa kuva nemaseminari nezvimwe, panzvimbo yemakamuri epamusoro. Uye zvino, mazhinji emachechi makuru, munhu anofanirwa kupasa ongororo yachiremba wepfungwa asati abvumirwa kuva mumishinari mhiri kwemakungwa. Chechi yepakutanga yaisamboongorora, ongororo yachiremba wepfungwa, asi vaifanira kupfuura nemukuyedzwa neRopa raJesu Kristu, ndozvakaita mutsauko.

⁵⁴ Cherechedzai, Samusoni akafumura chakavanzika chake kuna Dherira. Akazonyatsoita rudo naye ndokumubhabhadzira, ndokumuudza kuti aive murume akanaka, kuti aimuda sei, kusvikira awana paive nechakavanzika, akabva aveura chakavanzika ichi.

⁵⁵ Uye ndizvo chaizvo zvakaitwa naamai muchembere Jezebheri kuchechi yechiProtestanti, vakagusa vhudzi. Uye zvino vari kurerutsa padzidziso shoma dzavakati vanadzo, kuti vave nekubatana pasi rose. Uye panzvimbo yekutanga chechi payakaveurwa motsi dzayo paiva paNicaea, uye ari kuzongovaveura zvakare sezvo akange atovepo. Ndicho chakavanzika chake, iShoko. "Kana ukagara maNdiri neShoko

raNgu mamuri, unogona kukumbira zvaunoda, uchazviitirwa.” Munoono, ndipo pavanorasikirwa nechakavanzika chavo ipapo. Zvino vatarisei, vakakundwa sezvakangoita Samusoni. Vashumiri, pane kuti vazvarwe . . .

⁵⁶ Sezvakataurwa naDavid duPlessis imwe nguva, “Mwari havana vazukuru vepentekosti.”

⁵⁷ Asi ndiwo matauriro amunoita, “Amai vangu vaiva mupentekosti. Vakava nechitiko. Vakaita *zvakati*. Baba vangu vakaita *zvakati-ne-zvakati*.” Izvozvo hazvinei nechekuita newe. Iwe unofanirwa kuva nechinhu chimwe chete.

⁵⁸ Zvino tine maseminari anochechenya vashumiri vedu, uye tiri kuvaka makuru nguva dzose. Uye—uye tine vadzidzi vezvepfungwa. Uye zvakana kana muchida kudzidzisa zvepfungwa, asi ini handina basa nezvepfungwa. Ini ndinongoda kuziva Jesu Kristu, ndizvo zvega ini—ini. . . chandinongoda kuziva chete, ndiYe. Iye zvino tinoona kuti tava nazvo. Zvirokwazvo zvinofanira kuzadzisa chiporofita chaTimotio Wechipiri 3, pavanenge, “vachidziya,” munoziva, “vakaoma musoro, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura Mwari, vatyori vesungano, vasingazvidzori, uye—uye vanotyisa, uye vanozvidza avo vakanaka.”

⁵⁹ Zvakaitei kwatiri? Zvakapotsa zvaita kuti vakadzi vedu vePentekosti vave zvekungoonerwa zveHollywood. Ndizvozvo chaizvo. Zvaimbove zvakashata kuenda kumafirimu, kubhaisikopo. Asi zvino, munoziva, dhiyahborosi akangovakurira pane izvozvo, akariisa mumba chaimo. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Zvaimbove zvakaipa kuzviita. Zvaimbove zvisina kunaka kuti hanzvadzi dzedu dzigerwe bvudzi kana kupfeka marokwe mapfupi. Asi zvino hazvisisiri, kwete nenzira yemafungiro ePentekosti, musangano ravo. Asi zvichiri zvakangoipa, neShoko raMwari! Asi, munoono, vakava ne—ne—ne—nekuveurwa kwesimba ravo. Uh-huh. Maona? Uye vanobva vati, “Saka, chechi yedu inotenda. . .” Handina basa nezvinotendwa nechechi yako. Ndeizvo zvakataurwa naMwari! Ndicho chikonzero yakamira, nhasi, isina mhinduro.

⁶⁰ Ndiwo chaiwo mamiro akaitwa naSamusoni. Samusoni aive zvimwe chetezvo. Anofanira kunge akafunga nezvekukanganisa kwake, achinge akamira ipapo. Handitendi kuti munhu anogona kumira ipapo ofunga zvine musoro, asi uyo angafunga, achiziva, heunoi uyu zvino, achangobva kuva chi—chi—chigumbuso. Chinhanho chakadini ichi, murume mukuru chaizvo amire ipapo! Hwese hurume kwakambova maari, tichirevera dzandingati mhasuru, dzese zvadzo dzakanga dziripo. Akanga achiine mhasuru dzake. Aive achine mhasuru dzake hombe, mhasuru dzake dzemumaoko ake aive nadzo. Aiva nezvibhakera zvake zvikuru kwazvo. Zvichida akanga achingori muhombe sezvainge agara angori.

Kutaura chokwadi, chechi yePentekosti yakura kupfuura zvayaimbova, asi Mwari vaivepi? Ndizvozvo. Hongu. Akamira ipapo, achirangarira zvikanganiso zvake, akarangarira chakazvikonzera kutanga. Chii chakazvikonzera, kutanga, kwakanga kusiri kubviswa kwemaziso ake epanyama, asi kwaiva kuona kwake kwepamweya kwakabviswa, kwaakarega Dherira achimunyengerera kupinda makuri.

⁶¹ Uye ndizvo zvatadzisa chechi nhasi, ndiko, kunzwisisa kwepamweya kweShoko raMwari kwakatsinhaniswa nechitsamha chezvitendwa. Ndiro ziso...Dhiyabhore ane, chekutanga chaanogona kuita, kubvisa maziso ako, okuudza, “Iboka revaumburuki vatsvene,” anokuudza kuti, “Ndezvizi, izvo, kana *zvimwewo*, kana kumwe kufamba kwadhiyabhore, kana kuti ndezvekuverenga pfungwa, kana *zvimwewo* zvakadaro.” Kana akakwanisa kutumburira maziso ako kunze, wava murima.

⁶² Uye cherechedzai chikumbiro chaSamusoni chekutanga mumunamato wake, “Ishe, kuti nditsive meso angu maviri!” Aiziva kuti ndipo pakauya nedambudziko rake. Cherechedzai, mhotsi dzake dzakange dzakurazve, asi akanga ari bofu. Aitozofanira kunge achidzedzereka, mazuva ake ose. Akanga ari bofu.

⁶³ Tinogona kuva nemichina yakakura seyatakambova nayo, uye nenhengo dzakawanda kudaro; asi zvinobatsirei, kana uri bofu kuchinhu chaicho chiri kuitika pamberi pako, uye usingagoni kuchiona? Izvo zviri kuitika pano, zuva nezuva, pamwe chete nevanhu, Mweya Mutsvene achizvizarura pachaWo, uye vanhu havazvione. Ibofu, bofu pamweya!

⁶⁴ Vakamira vachiona Jesu achiita minana, nezvimwe zvakadaro, uye Achizvizivisa kuti ndiye Mhesiya, uye havana kugona kuzviona. Akati, “Vane maziso, asi havagoni kuona.” Vakanga vari mapofu.

⁶⁵ Zvino Samusoni akanga ari bofu. Asi hezvino zvacherechedzwa naSamusoni, izvo chechi isati yasvika pazviri nazvino, aiziva kuti pane mukana wekukwanisa kudzoka zvakare.

⁶⁶ Kana chechi ikangoziva izvozvo chete, kumwe kukwanisika, asi zvinoita sekuti vanhu vanhasi havasati vabata chiratidzo nazvino. Havaratidzike sekuchibata, kuti pane kukwanisika. Havasi kuchibata. Unogona kuwedzera kudaidzirisa zvishoma, kubhabhadzira mawoko ako zvakawedzerwa zvishoma, kana kuwedzera kutamba zvishoma, izvozvo handizvo. Kwete. Kudzokera kuShoko; pane kukwanisika kwekudzoka uye nokuwana Shoko mukati zvakare. WakaRidarika ipapo. Cherechedzai, vanongogarapo. Oo, chokwadi, vachiombera maoko avo? Hongu, changamire. Asi, munoona, kunongori kutaura, pasina chinodzikamisa.

⁶⁷ Ndakaona vahedheni vachiombera maoko avo, vachitamba zvishoma, vachitaura nendimi, uye vachiita zvinhu zvose izvozvo, uye vachizvidudzira, asi vakanga vari vahedheni vomuAfrica. Chokwadi. Ndakavaona vakaisa penzura pasi, zvino n'anga iya yakamira ipapo ikaita kuti penzura iyoyo imire yega, nokumhanya ichikwira nekudzika pane imwe nzvimbo kumusoro uko, ndokudzoka yoridza, zvinenge, "shave and a hair cut, two bits," zvino ndokudhirowa ndimi isina anoziva ndokuiyora, zvino mumwe wavo akamira ipapo, achizvidudzira. Oo, ini zvangu!

⁶⁸ Iwe haugone kuvimba naizvozvo. Vazhinji vavo vanotaura nendimi uye vanoramba zvitevedzwa chaizvo zvaJesusu Kristu. Ndakatora Bhaibheri rangu, ndokuRiisa kune mumwe murume; iye akamira ipapo, achitaura nendimi. Uye ndikati, "Hama, *iRi* ndiro chairo."

⁶⁹ "Handitombodi kuRiona. Mwari ngaVabwinyiswe! Ndinoziva zvakataurwa naJesusu, handina basa nezvimwe zvaRo zvose. Hareruya! Mwari ngaVabwinyiswe," saizvozvo. Sei, munhu anofuratira Chokwadi uye achingoita ruzha rwakadaro, kuti arege kuona Chokwadi, uhwu hunyengeri, hwemhando yepamusoro, nokuti anozofanirwa kusiya kadhi rake rokuyanana kana akagamuchira icho chiri Chokwadi. Izvo zvakaipa kupfuura Samusoni. Cherechedzai, asi havana kuZvibata. Vanongogarapo.

⁷⁰ Zvino, oo, chokwadi, tine kuungana pamwe kukuru, "misangano," tinoidaidza kudaro, rumutsiriro rwakaita rwenyika, nezvimwe zvakadaro, zvose zvizere nezvinopenya-penya, chokwadi, zvinhu zvakakura kwazvo, uye nekushambadzira kukuru, "Murume ane mharidzo yenguva, na*Nhingi-nhingi* na*Nhingi-nhingi*." Tine zvose izvozvo, asi Mwari varipi? Ndicho, ndicho chinhu chatiri kutsvaga, Mwari varipi? Chikamu chikuru kwazvo chehunyanzvi hwekunanisira nedzidzo, mumwe munhu ane dzidzo yakakwana zvokuti haagone...kushandisa izwi chikamu chepakati chevanhu havana kukwanisa kunzwisisa zvaaitaura, asi zvakadaro ane dhigirii rekuremekedzwa, nedhigirii, nedhigirii, uye nedhigirii, zvokuti anogona kutora mashoko pano neapo nokuzoisa mashoko acho pamwe chete, omira akanyatsotwasuka, oti "ameni" nenzira yacho chaiyo, otendeuka somunhu wechiuto, wofamba achibva purapuratifomu. Asi Mwari vari kupi?

⁷¹ Samusoni akambomira panzvimbo iyoyo imwe nguva, pachake, uye akaziva simba raMwari, asi zvino akanga aveurwa ropafadzo idzodzo. Akanga akangokura sezvaakangogara akaita, asi Mwari vakanga vasipo.

⁷² Tine zvakawanda zveizvozvo nhasi. Zvakaipa kwazvo kuti tinazvo, asi tinazvo. Zvino tinocherechedza. Asi hazvidzose Mwera waMwari. Zvino, nyaya yacho ndeyekuti, vanhu

havasi kuda kubhadhara muripo wekuti vadzokere kune iZvozvo. Ndinotenda kuti Mwari vanongoramba vari zvimwe chete sezvaVakagara vari. Asi, nyaya yacho ndeyekuti, vanhu vanyatsomonererwa munyika, uye nyika iri mavari, kusvikira vanongova nechinamoto chakakwana kuvaita kuti vange vakasuwa. Kwete chakakwana zvekuvaita kuti vasununguke vachienda kuna Mwari uye wopa moyo wako wese maVari, asi chakwana, “Hongu, ndinoenda kucheche. Chokwadi, ndinofarira kuimba kwakanaka uye nekuombera maoko. Hongu, ndinozvida izvozvo, munoona.”

⁷³ Asi kana zvasvika chaipo pakuuta izvo zvaunoti unotenda, uye uchida kureurura zvakaipa, havazviiti. Hazvitongoripo ipapo. Havatorina. Zvino, ndiko kugutsikana chaiko. Ndizvo zvatiri kuda. Isu takasozvisiya kareko, kare-kare, uye tikazvitsinhanisa. Munamoto, ne—nekureurura, uye nekugutsikana, takazvitsinhanisa nemanyawi, kudedera, kana kugwinha-gwinha, kana kusvetuka-svetuka. Ndicho chikonzero pasina kubata zvakasimba, nokuti hapana ipapo chinovabata, kusvikira wauya pahwaro hweShoko raMwari, pakusuwa kwohumwari, wakagadzirira kutendeuka nekugadzirisa chero chinhu, uye nekuita izvo zvakanaka, vakagadzirira kurarama zvakanaka. Handina basa nezvinotaurwa nevanhu, kana chimwe chinhu, unozviraramira, naJesu Kristu nezvaAkataura. Zvino watora chechi yakadaro, pakudzoka, pane mukana wokukwanisa kuti iuye. Asi havasi kuda kuzviita.

⁷⁴ Samusoni akanamata zvakafanira, “Ishe, regai ndife pamwe chete navaFiristia ava.” Oo, ini zvangu! Onai kuti zvichamudhurira zvakadini? Zvakadini kana Mwari vakapindura munyengetero wake? “Regai ndife.” Oo! Ndinozvifarira izvozvo.

⁷⁵ NdiPatrick Henry here akati, “Ndipei rusununguko kana kuti mondipa rufu”? Ndizvozvo.

⁷⁶ Zvakanaka, ndizvozvo, rusununguko kana rufu! Kudzokera kuna Mwari, kana—kana rufu. Tichazoitei? Chii chatiri kutevedzera? Tiri kuedza kutamba chii, Chikristu? Kana Mweya Mutsvene uchiri Mweya Mutsvene wakaburika paPentekosti, Uchiri kuita zvimwe chete zvaWakamboita ipapo. Simba rimwe chete, Mweya mumwe chete, Uchangoshanda nenzira imwe chete. Hatidi mubatanidzwa wemachechi. Tinoda kuti Bhaibheri ridzoke mukushanda. Ndizvo chaizvo.

⁷⁷ Zvino tinoona kuti Samusoni akanamata zvakafanira, “Ishe, ndiregei ndife pamwe chete nomuvengi,” kufa kumuvengi akanga amuita kuti ave muchinhano ichocho. Kana paine chinhu icho vanhu vanofanira kunamatira, manheru ano! Uye tinoona chinhu chakaita izvi, kubva paBhaibheri, nokuenda kudzidziso yevanhu. Zvino, wofa nechinhu chacho, buda machiri! Ifa kwachiri. Samusoni aive akazvipira kubhadhara muripo wacho

kuti awane Simba raMwari richidzoka zvakare. Pane muripo unofanira kubhadharwa nokuda kwaRo, asi, nhasi, vanhu havaratidze kuzviita.

⁷⁸ Oo, tinonzwa rumutsiriro, chokwadi. Hongu, tine rumutsiriro rwesangano, kuwana dzimwezve nhengo dzakawanda, nezvimwe zvakadaro. Asi tarisai mazvibatiro, ari kuramba achiora. Tarisai kuti vari kuramba vachienda kure nekure zvakadini naMwari nguva dzose, vachibva paShoko. Uye zvino pavanoendamo vachipinda muMubatanidzwa weMachechi, handiti, vagamuchira muurayi mukurusa uyo shoko rechechi warinaye. Shoko ravakasiirwa naMwari, vanorinzvenga rose iRoro. Haugoni kudzidzisa Bhaibheri iroro; unofanira kudzidzisa dzidziso yavo. Hezvoka izvo.

⁷⁹ Samson aiziva chinhu chimwe chete, uye hameno kana chechi iri kuzvicherechedza nhasi. Aiziva kuti chinhano chake chekudzokera kumashure hachaigna kusangana nekupikisa kwenguva iyoyo. Uye ndinoziva, nhasi, kuti chinhano chekudzokera kumashure chechechi hachikwanise kusangana nekupikisa kwenguva ino. Uye zvichatonyanya kuipa. Bhaibheri rakati, “SaJane naJambure vakapikisa Mosesi, ndizvo zvavachaitawo; varume vendangariro dzakarasika, pakutenda.” Vanogona kuChitevedzera nemazvo.

⁸⁰ Mosesi akaburuka nomurairo wake wakanga wabva kunaMwari, akabata tsvimbo muruoko rwake. Zvino Mwari vakati, “Ita chiratidzo *ichi* pamberi pavo. Uye kana vakasateerera kwachiri, zvino ita chiratidzo *ichi* pamberi pavo. Uye kana vakasateerera kwachiri, ipapo ndichange ndinewe, ndichagadzirisa zvimwe zvese zvinotevera.”

⁸¹ Zvino, Mosesi akadzika nechiratidzo chake chekutanga. Uye, paakangoita chiratidzo chake chekutanga, pakanga patove nevatevedzeri kwese-kwese, vachiita chinhu chimwe chete. Asi Mosesi haana kumbopikisana nazvo. Akangoramba akamira ipapo, nokuti aiziva kuti ndiMwari vakanga vamutuma. Tichava nedzokororo yazvo zvakare mumazuva ekupedzisira, rangarirai. Maona?

⁸² Uye chinhano chedu chekudzokera kumashure iko zvino hachisi kuzosangana nekupikisa kwenguva ino, zvisinei chimiro chazvo chese chikuru chiri pano. Pane maPentekosti akawanda munyika nhasi kupfuura akambovapo, atinoziva nezvawo, vatendi vakawanda vePentekosti. Ndizvozvo chaizvo.

⁸³ Munoziva, *The Sunday Visitor*, bepa reKatorike, bepa reSvondo rinonzi *The Sunday Visitor*, ndinotenda anenge makore maviri apfuura, rakaita imwe mhando yechitaurwa sezvizvi. Akati, “Chechi iri kukura zvakanyanyisa pasi rose iPentekosti.” Ndokuti, “Gore rakapera, Chechi yeKatorike yakawana miriyoni imwe chete yevakatendeukira, kuchiKatorike.” Asi akati. . . Ava ndivo vese vechiKatorike. Asi

akati, “Chechi yePentekosti yoga, pachayo, yakawana miriyoni imwe chete, nezviuru mazana mashanu.”

⁸⁴ Zvino chimiro chiri ipapo, asi hatina simba rataive naro pataiva vashoma. Mumhu wose mukuru waSamusoni wakanga wakamira ipapo, asi Simba raShe rakanga riripi? Hongu, hurongwa hwemasangano hausimbise Shoko raShe. Ndizvozvo. Zvino cherechedzai.

⁸⁵ Ndakanga ndichitaura nemuprisita anogara mumugwagwa unobuda kubva mune wangu, chechi yeSacred Heart.

⁸⁶ Unenge mwedzi wapfuura, kubva pakabuda chinyorwa chitsva ichi, muparidzi weLutheran aive nemuprisita wechechi yeKatorike, Chechi yeSacred Heart, kumusoro kuti azomuparidzira papurupiti yake. Uye mu—muprisita weKatorike akaitawo kuti mushumiri weLutheran auye kuzomuitira misa. “Vachichinjana purupiti,” chidimbu chikuru mumubpanhau. Hongu. Chokwadi. Oo, ini zvangu, dai paine aikwanisa kuona izvozvo uye orega...Kana usinganzwisise izvozvo, zvakanaka, uri—uri—uri bofu zvirokwasvo paMagwaro. Maona? Hongu.

⁸⁷ Ndakataura nemuprisita uyu. Akati kwandiri, akati, “Ndinoda kutaura nemi, VaBranham.”

Ndikati, “Zvakanaka.”

⁸⁸ Uye akati, “Makabhabhatidza here musikana uyu wekwaFrazier, ane zita rokuti Mary Elisabeth Frazier?”

Ndikati, “Hongu, changamire, ndakamubhabhatidza.”

Akati, “Bhishopi vari kuda gwaro renyu rakasainwa pamusoro pazvo.”

Ndikati, “Ndinonzwisisa kuti—kuti akatendeukira kuchiKatorike.”

⁸⁹ Uye akati, “Hongu,” akati, “akadzoka kuna amai vemachechi.”

⁹⁰ Ini ndikati, “Hongu, changamire,” ndikati, “amai vake vaindiudza nezvazvo.”

Akati, “Hongu, amai vake havana kuzvigamuchira zvakanaka.”

⁹¹ Ndikati, “Ehe, amai vake vakandiudza ‘vagasva vamuperekedza havo kuguva.’” Ini ndikati, “Kutaura chokwadi, ndizvo zvavaitoita.”

⁹² Uye zvino saka akataura, akati, “Ndinoda kuti musaine gwaro iri.” Akati, “Makamubhabhatidza here? Makamubhabhatidza sei?”

Ndikati, “Murubhabhatidzo rweChikristu.”

⁹³ Iye ndokuti, “Ndinoreva kuti sei, changamire? Makamusasa mvura here, makamudira here, kana kuti kumunyudza?”

Ndati, “Rubhabhatidzo rweChikristu kunyudza mumvura.”

⁹⁴ “Uh-huh,” akati, “zvakanaka.” Akati, “Zvino, imi, makamunyika muZita raBaba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene here?”

⁹⁵ Ndikati, “Hongu, changamire, ndiJesu Kristu, ndiro Zita raBaba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene. Ndiyo nzira yanda—ndakamubhabhatidza nayo.”

⁹⁶ Uye ndokuti, “Makamubhabhatidza muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene here?”

⁹⁷ Ndikati, “Hongu, changamire. Handina kutaura mashoko iwayo, zvino. Ndakamubhabhatidza *muZita* raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, rinova ‘Jesu Kristu.’”

⁹⁸ Akati, “Hongu, changamire, ndazviona,” uye ndokubva azvinyora pasi saizvozvo. Akati, “Munoziva, ndiyo nzira yavaibhabhatidza nayo muchechi yekutanga yeKatorike.”

Ndikati, “Oo, ndizvozvo nhai?”

Uye ndokuti, “Ehe, ndiyo nzira yacho.”

Ndikati, “Chii chakaitika? ‘Vakamhanya zvakanaka wani.’”

⁹⁹ Uye iye akati, “Zvakanaka,” akati, “munoona,” akati—akati, “munotenda Bhaibheri. Mwari vari muchechi yaVo.”

¹⁰⁰ Ndikati, “Mwari vari muShoko raVo, changamire, Shoko raVo.” Ndikati, “Mati here Petro ndiye aive papa wekutanga.”

Akati, “Akanga ari.”

¹⁰¹ “Zvakanaka,” ndikati, “zvino kana chechi yeKatorike ichifanira kutaura misa dzayo dzose mu—muchiLatin, nezvakadaro, kwazvisingashanduki; zvino ko papa wekutanga akati kudii, muna Mabasa 2:38, apo paakati, ‘Tendeukai mubhabhatidzwe, mumwe nemumwe wenyu, muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi.’”

Akati, “Kana uchida . . .”

Ndikati, “Pakupupura uku, nezvimwe zvakadaro,” ndakadaro.

¹⁰² Akati, “Zvakanaka, ko Jesu haana kuudza vadzidzi vaKe here kuti, ‘vose vamunoregerera zvivi, kwavari zvaregererwa; ani nani wamunodzorerera zvivi zvake, kwaari zvadzorererwa?’”

Ndikati, “Akadaro.”

¹⁰³ “Zvino chii chakaipa pazviri? Bhaibheri renyu chairo rinokuudzai izvozvo.”

¹⁰⁴ Ndikati, “Zvino kana mukaregerera zvivi nenzira yavaizviregerera nayo, ndichafamba nemi. Nokuti, Petro akabvunzwa, uyo akanga ane makiyi, ‘Tinofanira kuita sei kuti tiponeswe?’ Akati, ‘Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu.’ Zvino imi mukazviita saizvozvo, zvino ini

ndichafamba nemi.” Amen. Ndiro Shoko. Ndiyo nzira yaMwari yekuzviita nayo. Vakapera simba pazviri. Ndizvo . . .

Akati, “Zvakanaka, zvakanaka, handina kumbouya kuzoitirana nharo nemi.”

¹⁰⁵ Ndikati, “Ndiani anga achiita nharo?” Maona? Ndikati, “Handina kumbodaro. Handisi kuita nharo. Ini... mangondibvunzawo mubvunzo, uye ndaupindura nepose pandinoziva napo kuupindura.”

¹⁰⁶ Ndikati, “Ndoda kukubvunzai mumwe chete.” Ndikati, “Mataura kuti...kuti Mwari vaiva nechechi. Uye zvino ndichakupai zvinobatsira kukuudzai, Makristu okutanga, kana muchida kuvadaidza kuti maKatorike, zvakanaka; Petro, Jakobho, Johane, Mariko, Ruka, nevamwe vose, ivo, hongu.” Ndikati, “Zvino mukutevera hurongwa hweBhaibheri uhwo hwakanyorwa navaapostora ava, zvino munoreva nhasi kuti madiocese renyu zvino rakura kupfuura zvavaive panguva dzekare, mava kuziva huchenjeri hwakawedzerwa? Uye imi munoziva here kuchengetedza . . .?”

“Hongu, changamire. Ndizvozvo chaizvo.”

¹⁰⁷ Ndikati, “Zvino sei zvakaitika, kuti pavakatevera mirairo yaJesu Kristu, vakamutsa vakafa, vakabuditsa madhimoni, vakaita mhando dzose dzezviratidzo nezvishamiso, asi hamuzviite nhasi? Zvino chii chakanaganisika?”

¹⁰⁸ Kana chechi yaive nani muzera reLutherani, kana zera raWesley, kana chero haro zera, kupfuura zvazvaiva kumashure uko, sei vasina kuita mabasa avo ipapo? Maona? Maona? Zvirokwazvo. Ngatidzokere kuShoko!

¹⁰⁹ Samusoni akamirapo, abviswa simba rake. Asi, munoziva, panga pane chimwe chinhu (ndinoda kukurumidza) chisina kucherechedzwa navaFiristia, Samusoni paakanga akamira ipapo achifunga nezvese izvi.

¹¹⁰ Ndinoshuva kuti dai ndaigona kutora nyika yePentekosti ndovakandira pachikona pane imwe nzvimbo, ndovarega vachifunga saizvozvo kwechinguva, kungofunga zvinhu izvi zvine musoro. Tiri papi zvino nesangano guru kwazvo? Mumwe nemumwe achipesana nemumwe. VeOneness vachipesana neveTwoness, veTwoness vachipesana neveThreeness, nezvimwe zvakadaro, zvose, ndizvo zvazvingori. Hazvifanirwe kunge zvakadaro. Hazvifanirwe kunge zvakadaro. Tinofanirwa kudzoka, touya pamwe chete tozvigadzirisa pane hwaro hweZVANZI NAJEHOVHA.

¹¹¹ Chii chanetsa nevaporofta muchechi? Shoko raShe rinofanirwa kuuya kuvaporofta. Uye kana muporofta anozviti muporofta, uye achizoramba Chokwadi ichi chiri muBhaibheri, maererano neShoko, haasi muporofta. Zvino, tinofanirwa kuva nezvipo izvi kuti zvitiise muhurongwa, kuti zviticengete tiri

muhurongwa. Asi ipapo, neimwewo nzira, takabva pazviri zvose. Uye vanomira, vakazvipeta muchikona.

¹¹² Hepanoi pamire Samusoni, akamira muchikona, achifunga pamusoro pezvese zvakanga zvamboitika. Zvino vaFiristiya ava vakamira kumusoro ikoko, vakambundira madzimai aya, vakatarisa pasi, vachidzvova uye vakadhakwa, uye vachipemberera kukunda kwavo muranda waJehovha. Oo, ini zvangu, izvozvo hazviise here chimwe chinhu mauri, kungofunga nezvazvo, kukunda hurongwa hwaJehovha! Hongu, akamira ipapo namwari wehove. Dhagoni ndiye aive mwari wehove. Uyezve vakanga vachipisa chibaiyero. Pakatorwa hupenyu hwevanhu, mwana mudiki aifanirwa kufa sechibaiyero, vaimubaya nemunondo, pamoyo wake, kuitira chibaiyero. Zvino hapo pavaive, vachiita mhemberero huru iyi yekukunda Jehovha.

¹¹³ Uye chechi manheru ano, seboka revaFiristia, iri kufara pamusoro pepfungwa yokuti Mubatanidzwa weMachechi, mushure mechinguva, uchavharira kunze chechi yese isiri nhengo yawo. Samusoni, usambogera bvudzi rako! Nyatsogara neShoko iroro. Handina basa nekuti panoitikei, iwe nyatsogara ipapo neShoko iroro. Usave unozvibanidza mazviri.

¹¹⁴ Samusoni ndokutanga kufunga, “Handizive kuti pangave here nekukwanisika?” Zvino akati, “Ndinoziva kuti bvudzi rangu rakura, asi ndiri bofu. Pangangoita mukana wekukwanisika kwerwumwe rumutsiriro. Pane kukwanisika.”

¹¹⁵ Akati kukakomana kadiki, “Isa maoko angu pambiru. Idzi ndidzo here mbiru mbiri pakasungirirwa chivakwa chose?”

“Hongu.”

“Uye wati madzimambo ese nevese vakakurumbira vari kumusoro uko?”

“Hongu.”

¹¹⁶ “Ndaneta. Iwe wandiita kuti, ndiite masaramusi akawanda nezvinhu! Ungaisewo here maoko angu pambiru?”

¹¹⁷ Zvino akamuisa maoko ake pambiru, iye ndokumira pakati padzo, ndinofunga anga akaita sezvizi. Akamira akabata mbiru nemaoko ake. VaFiristia, vachipembera nokuva nenguva yokufara zvikuru, vakabva vakanganwa kumutarisa. Oo, ini zvangu!

¹¹⁸ Asi iye akatanga kufunga, “Mwari vachiri Mwari. Ndinoziva kuti Vatori. NdakaVaedza. NdakaVaisa pakuyedzwa. Ndinoziva kuti Vanoramba vari Mwari. Ini ndini ndakatadza. Ndini ndakaita chivi.” Havana kucherechedza misodzi yayierera ichibuda mumakomba akapofomadzwa aya, ichidonha kubva pachirebvu chake. Havana kucherechedza miromo yake ichifamba-famba. “Ishe, ndakatadza. Regai ndife hangu nevaFiristia.”

¹¹⁹ Aida kuti Shoko raMwari riratidzwe pamberi paJezebheri uyu, kupfuura madiro aaiita hupenyu hwake pachake. Oo, dai chido ichocho chaigona kuuya kuchechei zvakare! Hongu. Akanga asiri kunamatira hurongwa hutsva, sangano idzva, asi kuti Shoko raMwari rigozivikanwa zvakare; vimbiso yaakambenge ainayo, igodzoka kwaari zvakare. Aiziva zvaizoitika kana munyengetero wake wapindurwa, asi akanga akagadzirira uye achirevesa nemoyo wese. Oo, dai chechi yaingogona kusvika pakadar! Ipapo akabva adanidzira!

¹²⁰ Zvishoma nezvishoma ainamata, “Zvinogoneka, Ishe. Zvinogoneka. Ndakamira pano, mhumhu wangu wose wakakura uchiri pamwe chete. Ndiri pano, bvudzi rangu rakura. Asi handaikwanisa kuona kuti ndovarova sei, nekuti maziso angu akapofomara. Handaikwanisa kuona kwandaienda. Asi zvinogoneka kuti—kuti Muite kuti zviitike zvakare, Ishe, kuratidza simba reNyu.”

Akadanidzira akati, “Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chetezve bedzi!”

¹²¹ Oo, dai chechi yaigona kudanidzira izvozvo, “Kamwe chete zvakare, Ishe, ngationei simba reNyu!”

¹²² “Kamwe chete zvakare!” Zvino paaichema achikumbira Mwari, ndinokwanisa kuona mhasuru dzichitanga kuzvimba. Nyama yese mumuviri wake ichitanga kumonyoroka. Mweya Mutsvene wakanga uchiuya pamusoro pake ipapo. Akatambanudza maoko ake zvakare, aine simba reMweya Mutsvene paari, ngondo chivakwa ndokuwondomoka. Bhaibheri rakati, “Akauraya vanhu vakawanda pazuva iroro kupfuura zvaakaita mazuva ake ose.” Akazadzisa basa raakapiwa naMwari, ipapo. “Kamwe chete zvakare!”

¹²³ Zvagara zvakangodaro panouya simba raMwari, zvivakwa zvikuru zvezvitevedzwa zvinowondomoka. Kukunda kukurusa kwaSamusoni pamusoro pemuvengi wake kwaive panguva yake yekupedzisira.

¹²⁴ Zvino regai nditaure izvi, mukuvhara. Pentekosti, tingamira here pambiru yemasangano makuru aya, tingamira here pambiru yeHollywood nezvimwe zvinhu zvose izvi zvinotiparadzana nerudo rwaMwari rwuri muna Kristu, uye tinogona here kumira ipapo totendeuka, uye todanidzira zvine ruzha zvakare, “Ishe, kamwe chete zvakare tiiteiwo pentekosti! Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare tiiteiwo pentekosti! Kamwe chete zvakare ratidzai simba reNyu matiri, Ishe! Kamwe chetezve bedzi?”

¹²⁵ Teerera, paradza muvengi wako muvengi wako asati akuparadza. Vanozviita. Kudzosa misangano yekare nezvimwe. Uye, oo, wosiya Dherira ari ega, wosiya nyika iri yega, chinhu icho chinokukwezva kuti uite zvinhu zvidiki zvausingafanire kuita. Nezvinhu zvidiki, matambudziko akauya muchechi, uye

haukwandise kugadziriswa nekuti hausungirwe kudaro; onogona kusiya uchienda kune imwe chechi, nezvimwe zvakadaro. Mumazuva ekutanga, kana munhu akasaita zviru maererano neShoko raMwari, vaimutakura vachibuda naye, afa.

¹²⁶ “Tidzosei kupentekosti!” Kwete kushamisira kweHollywood, asi kutendeukira kuna Mwari nemoyo wese ndiko kwatinoda. “Kamwe chete zvakare, O Ishe, kamwe chete zvakare!”

¹²⁷ Kana ndikagona kuona izvozvo zvichiitika, kana maziso angu akare ave kupera simba akagona kutarisa zvakare agoona chechi iyoyo ichikanganwa misiyano yayo! Kana ndikagona kuona hurongwa hwemasangano huchiparadzirwa pasi, uye hwokandirwa pamakumbo chaipo eMubatanidzwa, yoti, “Hatidi kuva nechekuita nahwo! Hatisi kuzorasikirwa nehudangwe hwedu!” Kana ndikagona kuona veHutatu neOneness, nevamwe vose, vachiuya pamwe chete vachiti, “Hama, ngatidzokerei kwatakaMusira. Ngatidzokerei kwatakatangira kunetsana mumwe nemumwe, pamusoro penyaya yerubhabhatidzo rwemumvura, tidzoke titore nzira yeBhaibheri pamusoro parwo,” uye vodanidzira, “Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare!” Uye votora zvese izvi zvekushamisira... uye nevazhinji vemachinda aya vari papuratifomu uye havazivi zvakanwanda nezvaMwari zvingadarika zvingaitwa netsuro pamusoro peshangu dzechando, uye nevakadzi ava vane madhirezi akabata kusvikira ganda ravo rave kunze, vachifamba vachikwira nekudzika papuratifomu, vachiombera maoko avo uye vachisvetuka-svetuka saizvozvo, seboka rekuratidzira kana chimwewo chinhu.

¹²⁸ “Mwari, tidzosei kuMweya Mutsvene nesimba, uye nekuratidzwa kweShoko! Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare!” Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] “Ishe Mwari, kamwe chete zvakare, kamwe chete zvakare ngandione Hupo hwaJesu Kristu huchifamba nemuchechi, regai ndione simba raKe nevimbiso yaKe zvichiratidzwa pamberi pedu. Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare! Mwari, ivaiwo netsitsi, tibatsireiwo!”

¹²⁹ Munoono here kuti zvimwe zvinhu izvi zvinotipei? Zvinouraya zvacho chaizvo... zvinodzanga hunhu hwaKristu, kubva muungano, kubva mu—kubva muchechi, kuenda kure nevanhu. Tinofanira kuve takarukirirwa pamwe chete zvokuti parege kuva nechinotipatsanura neShoko iri nerudo rwedu kune mumwe nemumwe.

¹³⁰ Jesu Kristu ari pano. Ndiye Baba vedu. Ndiye Amai vedu. Ndiye Mupodzi wangu. Ndiye Mambo wangu. Ndiye Mwari wangu. Ndiye Hupenyu hwangu. Ndiye mufaro wangu. Ndiye rugare rwangu. Zvose zviripo, iYe ari, kuitira ini. Ndiye zvangu zvose muna zvose. Ari pano zvino.

¹³¹ Anoda kudzosa chechi panzvimbo iyoyo. Hameno kana tikagona kuchema, “Kamwe chete zvakare, Ishe,” uye itai mi—misodzi yekutendeuka igodonha kubva pamakomba emaziso edu akapofomadzwa? Handisi chaizvoizvo kungotaura kucheche ino. Izvi zviri kutepwa, munoono, pano, izvi zvichatenderera pasi rose. Regai vanhu vedu—vedu vadzoke kune izvozvo zvakare, ngazvidzoke panzvimbo yatinogona kudanira mu—musanganano sewataimbova nawo.

¹³² Ingotorai makore gumi kana gumi nemashanu, kumashure, honai kuti zvadzikira sei kubva ipapo, honai kuti zvaderera sei pasi, pasi, pasi. Zvasvika pekuti zvave kuda kutonyadzisa, mumwe munhu anotonzwa kunyara, potse, kuti ataure pamusoro pekupodza kwaMwari, pane kuzvidza kwakawandisa kwakaunzwa pakuri; taura nezveMweya Mutsvene, apo kuzvidzwa kwakawanda kwakaunzwa paUri. Ndizvozvo. Haisi mhosva yaMwari. NdiSamusoni akasiya zvitevedzwa zveShoko raMwari, uye akatsiva nechimwewo chinhu, ndokusiya sangano richimuveura, richimukwezvera mariri.

¹³³ Ndinoti kwauri, hama yangu, hanzvadzi, kana ndikasazokuona zvakare kudivi rino re—reDare guru reKutonga raMwari, “Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Shoko raKe, kwandiri, ndihwo Hupenyu. Ari pano iko zvino. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndinoziva kuti Ari pano.

¹³⁴ Uye chinhu choga chaunofanira kuita, kuti uzive kuti Ari pano, kuzvibvisa pachako munzira. Maona? Chero bedzi uri munzira, zvino Mwari hapana chavangagona kukuitira. Paunofunga pfungwa dzako, ipapo pfungwa dzaMwari hadzina mukana. Asi kana ukachirega kufunga pfungwa dzako, zvino wofunga pfungwa dzaVo! “Pfungwa dzangu hadzisi pfungwa dzenyu,” Vakadaro. “Kana paine kurumbidzwa, kana paine simba, fungai pamusoro pezvinhu izvi.” Kwete zvichataurwa neimwe chechi pamusoro pazvo, asi zvakataurwa naMwari pamusoro pazvo!

¹³⁵ Semukadzi mudiki akarara apa, ari kudedera ari panhowo iyi. Mukadzi uyu acharara akadaro kwehupenyu hwake hwese, kunze kwekunge ava nekutenda kwake—kwake kwakanyatsonanga pana Jesu Kristu. Uye hazvinei kuti chii chinouya kana kuenda, chinozarurwa kwaari, zvararo hapana chinomisa kupodza uku. Ndizvozvo. Asi kana wawana kwako . . . Zvinoenderana nezvauri kufunga.

¹³⁶ Kana ukangotenda uye wova nekutenda, Mwari vanogona kukuitira chero chinhu. Uye chinhu chikurusa chaVanogona kukuitira, manheru ano, kuendesa munhu wako wemukati achidzokera muHupo hwaVo Pauzima. Kudzokera ikoko kwekuti munhu wese ari muno . . .

137 Chimbofungai, kuti dai Mweya Mutsvene waive nemunhu wese ari muno mukubata kwaWo kuzere? Fungai nezvaizoitika manheru ano, fungai zvichazoitika muShreveport panguva ino mangwana manheru! Vanozova nemisoro yenhau kwese-kwese, “Boka revanhu rakapengereka. Vakanga vachipodza vanorwara uye vachimutsa vakafa. Vari kuita mhando dzose dzezvinhu zasi muShreveport, Louisiana, United States, U.S.A.” Vaizova nazvo paterevhizheni, pane izvo zvavaiita, kana Mweya Mutsvene waigona kubata zvizere.

138 Sei asingadaro? Anoda kuti adaro. Atori kuda kudaro. Akamirira. “Zvakanaka,” unoti, “ndakaMukumbira zvinhu zvakananda, ndinongovenga kuMukumbira zvakananyisa.” kumbirai zvakananda, kuti mufaro wenyu uzadziswe!

139 Ungambofungidzira here hove duku, yakareba hafu yeinji, iri uko pakati penyanza yePacific, ichiti, “Zviri nani ndinwe mvura iyi zvishoma nezvishoma, ndingazopererwa, rimwe zuva”? Ungambofunga here nezvembeva diki yakakura *kudai*, iri mumatura makuru eEgipita, yofunga, “Ndichazvipa tsanga imwe chete pazuva, nokuti ndingangopedza goho rinotevera risati rasvika”? Oo, ini zvangu! Zvino zvigovanise nemabhiriyoni zana, ndiko kureruka kwazvingava kuti upedze tsitsi nyenasha nesimba zvaMwari kwauri, kana ukangozvitenda, unogona kungozvisiya iwe pachako... Zvakanaka, ndine urombo ini...ndiko kuti, haugoni kuMupedza.

140 NdiVo chitubu chisingapwi cheHupenyu Husingaperi, chiri pano manheru ano kuti varatidze chero vimbiso yaMwari yemuBhaibheri raVo, kune ani naani achaItenda. Amen. Hongu, changamire. Chinhu choga chaunongoita kunwa. Uya kuchitubu unwe. Inwa kusvika waguta. Haugone kuMupedza. Kwete, changamire. Iye ndiye zvirokwazvo asingapwe, uye unogona kungonwa ugonwa nekunwa. Unogona kunwa kupodzwa kwako. Unogona kunwa ruponeso rwako. Chingouya unwe. “Regai uyo ane nyota auye kuzonwa.” Amen. Ndi—ndi—ndi—ndinoziva kuti Ari pano, uye ndinoziva kuti Achaita zvinodarika, zvakanwandisa kana tikangoMutendera kuti azviite.

141 Ndichangobva kuona chimwe chinhu chichiitika. Uye ini—ini handidi kutanga imwe yemhando dzeshumiro dzakadaro, munoona, yezviratidzo, nokuti ndi—ndiri kutaura nezvechimwewo chinhu. Munoona, ndiri kutaura nezvako iwe uchiuya, kwete kuzopodzwa panyama, asi kuuya kune—kune... Pavanongotanga kuita izvozvo, zvino izvozvo zvingori... Munoona, pandangoita kakuzvizorodza ipapo, kuti ndibve, chinhu chokutanga munoziva, vanhu vanobata, munoziva, wonzwa izvozvo zvichiuya.

142 Pano, ndinogona kukuudzai. Murume uyo akagara kumashure uko, nemukomana wemuzukuru wake ane

hudyu isina kuita zvakanaka. Kana akangotenda, Mwari vanomupodza nokuita kuti aite zvakanaka. Munotenda here kuti Vanomupodza nekumuita kuti aite zvakanaka? [Hama inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Kana muchitenda, zvino Mwari vachazviita. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Ameni.

¹⁴³ Heuno murume agere pano chaipo, akanyatsonditarisa. Ari kunamatira mhuri yake. Iye chaizvoizvo haasi wekuno. Anobva kuSouth Carolina. VaDixon. Asi kana vakangotenda nemoyo wavo wose, Mwari vanovapa ropafadzo iroro. Munozvitenda here, changamire? Ndiri mutorwa zvachose kwavari. Handisati ndambovaona, muhupenyu hwangu. Ameni. Handisati ndambovaona, muhupenyu hwangu.

¹⁴⁴ Asi munooa zvandinoreva? Chii ichocho? “Zvinoshanda sei izvozvo, Hama Branham?” Kana Hama Branham vakangogona kubva munzira! Hongu, changamire. Ndikangogona kubva munzira, ipapo Jesu Kristu anobva apinda.

¹⁴⁵ Pangori panzira chaipo, mberi kubva pavari, pane mumwe murume atungidzwa Moto, uye anobva kuSouth Carolina, zvakare. Ndizvozvo. Ndiri kuChiona chakaremba pamusoro pake chaipo. Ndizvozvo chaizvo. Ari kunamatira mukoma wake chidhakwa. Ndizvozvo chaizvo. Teerera. Muri Hama Holmes. Munotenda here kuti Mwari. . . Ndiro zita renyu here? Mwari vanoita. . . Mwari vachakuitirai.

Muri kuona zvandiri kureva here? “Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare!”

¹⁴⁶ Ngatisimukei netsoka dzedu, munhu wese. Danidzira, muPentekosti, simudza maoko ako, “Kamwe chete zvakare, Ishe! Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare!” Hareruya! Handichaziva zvekuita, asi Uri pano. Ngatidanidzirei, muhumwe, “Kamwe chete zvakare, Ishe!” Danidzira, “Kamwe chete zvakare, Ishe! Kamwe chete zvakare, Ishe! Kamwe chete zvakare, Ishe, tumirai Simba reNyu, tumirai maropafadzo eNyu. Tumirai Mweya Mutsvene pamusoro pedu, semhepo inovhuvhuta nesimba, uye uzadze mweya wose uri muno, patsva.” Mwari ngavabwinyiswe! Zvitende nemoyo wako wose. “Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare!” Hareruya!

¹⁴⁷ Kudhakwa neMweya! Dai Mweya Mutsvene ukangozvidurura mauri kusvikira wadhakwa zvokukanganwa kuti zita rako ndiani, kusvikira wakanganwa kupokana kwako kwose; wonyatsodhakwa noMweya kusvikira wakanganwa kupokana kwako, ameni, zvararo unogona kusvika pamwe panhu naMwari. Ipapo kudandzira, “kamwe chete zvakare,” kunokwira kuchibva mukuperera, uye zvararo kumwe zvakare. Hareruya! Vakazadzwa neMweya Mutsvene, ava vadhakwa neMweya; Kururama nehutsvene, nesimba zvaMwari, zvinokuita kuti udhakwe kwazvo kusvika wakanganwa kuti ndiwe ani. Iwe hausi chinhu, kubva pakutanga. Rangarirai,

Mwari vanoda kupinda mauri. “Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare! Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare!”

¹⁴⁸ Oo, muPentekosti, muPentekosti, tiza nehupenyu hwako! Kwasara nguva shomanani. Nguva yapera kupfuura zvaunofunga. Kana ndikasazotaura rimwe shoko kubva papurupiti ino, rangarira, tiza nehupenyu hwako! Nguva yapera kupfuura zvaunofunga. Ndiri kunzwa Mweya Mutsvene pandiri, uchiti, “Taura zvakare.” Tiza nehupenyu hwako! Nguva yapera kupfuura zvaunofunga.

¹⁴⁹ Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare zadzai Life Tabhenakeri neHupenyu Husingaperi, nhengo yese iri muno. Uye regai Kubwinya kwaShe kuwire paungano ino, Ishe Jesu. Hareruya! Hareruya! Ndinotenda Mwari. Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare regai vanhu vakanganwe kuti ndivana ani. Regai munhu akanganwe kusatenda kwake, kuti tigodanidzira, “Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare!”

MunoMuda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

¹⁵⁰ O Mwari, Baba voKudenga, tipeiwo rumutsiriro mumweya yedu, Ishe. Tinoona mwe—mwe—mwenje iri kupfungaira chiutsi, Moto uri paartari uri kudzima. O Ishe Mwari, tarisai pasi parudzi rwakatukwa nechivi, asi, Ishe, musakanganwa vanhu veNyu. Vanhu vari pano vakashingaira kwemakore, Ishe, kuvakira iMi hupfumi huduku uhu. Life Tabhenakeri yakavakwa, Ishe, kuti ive nzvi—nzvimbo inoponeswa mweya, kuitira rumutsiriro. Oo Mwari, kamwe chete zvakare dururai Simba reNyu Dzvene mairi. Dururai panhengo imwe neimwe, bvisai misiyano yese. Tumirai kunaya kweMoto Mutsvene waMwari uye ugotungidza mweya yedu, Ishe, neHupo hwaJesu Kristu. Dai vanhu vakasaderedzwa mukusatenda, kuti vagoona kuti Muri pano nesu; uye Muri Shoko, uye neMunzveri wemifungo yemwoyo, sezvo Bhaibheri rakaratidzwa zvakadaro kwatiri, kakawandisisa zvakare. Ishe Mwari, dai tapepuka kupfungwa dzedu, dzeMweya waMwari kuti uri pakati pedu. Zviiteiwo, Baba. Ndinoiisa kwaMuri, pamwe neni pachangu. Amen.

¹⁵¹ Hama, hanzvadzi, handizive, muBhaibheri rangu, pamusoro pechimwe chinhu icho Mwari vakavimbisa kuita Kubvutwa kweChechi kusati kwasvika. Handizive. Uri kufunga nezvemunembo wechikara, uri kuuya; ndakuudza, ndizvo, vatova nawo. Maona? Chinotevera chasara ndecheKubvutwa kweChechi. Kunogona kuuya chero nguva, uye zvisingakanganise Gwaro ripi zvaro muBhaibheri, sekuziva kwangu. Mwari vanoziva kuti ichokwadi. Hongu, changamire. Nguva yave pedyo. Nguva yapera kupfuura zvatinfunga.

¹⁵² Ngatingovharai maziso edu, uye tiimbe, *NdinoMuda*. Pamwe, kana tikanamata nekuMurumbidza, pamwe Achaita

chimwe chinhu. Ndakanamata svondo rino rose, kuti ndione kuitika kwechemweya mutabhenakeri ino. Ndakanamata ndisati ndauya kuno. Ndine vanhu vari kunamatira izvi. Oo, kune—kune munamato uri kuitirwa izvozvi. Ndiri kuedza kutenda nemoyo wangu wese. Ngatipepukei, nekukurumidza. NgatingoMunamatei uye nokuMurumbidza, apo patiri kuchiimba zvino maziso edu akavharwa uye nemaoko edu kuna Mwari.

NdinoMuda, ndinoMuda
 Nokuti ndiYe akatanga kundida
 Ndokutenga ruponeso rwangu
 Pamuti weKarivhari.

¹⁵³ Zvino tichiimba ndima inotevera, kwazisana mawoko nemumwe munhu ari pedyo newe, hama yako Mukristu, iti, “Mwari vakuropafadzei,” zvino tichirwuimba.

NdinoMuda, ndi . . .

Kana muchidanana, hamungamboregi kuda Mwari.

Nokuti ndiYe akatanga . . .

. . . ? . . .

. . . ruponeso
 wepaKarivhari . . .

¹⁵⁴ Zvino ngatitii, “Hareruya!” “Hareruya!” Itaurei zvakare, “Hareruya!” Zvakare, “Hareruya!” Rumbidzai Mwari wedu!

NdinoMuda, ndinoMuda
 Nokuti . . .

Hama Don, magadzirira here?



KAMWE CHETEVVE BEDZI, ISHE SHO63-1201E
(Just Once More, Lord)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Zvita 1, 1963, paLife Tabhenakeri muShreveport, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org